

SUSAN B. ANTHONY ACADEMY – I.S. 238

88-15 182ND STREET, HOLLIS, NY 11423

TELEFÒN: 718-297-9821 FAKS: 718-658-5288 WWW.IS238.COM

PETER LEDDY, DIREKTÈ

RITA BAFFOUR, ASSISTANT DIREKTÈ

CHRIS GAILAS, ASSISTANT DIREKTÈ

CANDETTE NOVITSKY, ASSISTANT DIREKTÈ

KRISTEN ROWLAND, ASSISTANT DIREKTÈ

Pwosedir pou Elèv An Pèsòn (sa kapab sibi chanjman)

Sekirite ak byennèt elèv, fanmi, ak anplwaye nou yo pi enpòtan pase tout lòt bagay. Nou pa kapab devye de pwotokòl nou yo okenn lè. Li nesèsè anpil ke tout moun swiv etap yo ki anba a, chak jou sanzesepsyon.

Etap 1 Antre Nan Maten

- Tout elèv yo ap prezante sou lakou lekòl la anvan yo antre nan bilding lan
- Jounen lekòl la kòmanse pou elèv yo a 8:30AM
- Lakou lekòl la pral sèvi kòm yon pwen rasanbleman chak jou
- Nou prevwa pou elèv yo rete nan distans sosyal pandan yo nan lakou lekòl la
- Manm pèsònèl yo ap endike elèv yo kilè pou yo antre nan bilding lan, pandan y ap asire ke elèv yo obsève yon distans sosyal omwen sis pye
- Pou elèv yo antre nan bilding lan, y ap pase pa Sòti 3, 4, ak 5 nan fòmasyon yon sèl liy
- Nou p ap itilize antre ak sòti 182nd street yo nan maten (si sa posib)

Etap 2 Antre Nan Maten

- Chak elèv oblije gen yon pwoteksyon figi anvan li antre nan bilding lan
- Y ap mande pou nenpòt elèv ki pa gen yon pwoteksyon figi pou li kanpe sou kote nan yon zòn ki prevwa pou sa jiskaske yo ka bay mask elèv la yon mask pou li ka antre
- Y ap itilize yon tèmomèt san kontak pou kontwole tanperati tout elèv anvan yo antre nan bilding
- Y ap mennen nan sal Izòlman an nenpòt elèv ki gen yon tanperati 100.0 degre Fahrenheit epi enfimye a ap wè elèv la. Y ap rele fanmi an pou vin chèche elèv la ak pou yo resevwa konsèy nan men enfimye lekòl la
- Manje maten a-anpòte ap disponib pou tout elèv lè yo antre nan bilding lan
- Elèv yo prale nan salklas ki afekte pou yo a
- Elèv yo ap mache nan fòmasyon yon sèl liy lè y ap prezante nan salklas pa yo
- Koulwa a ap divize nan de direksyon. Elèv yo dwe toujou gen yon miray pi pre zepòl dwat yo lè y ap mache nan koulwa yo
- Eskalye yo ap make pou monte ak desann sèlman

Jou Asèyman

- Elèv yo ap rete nan yon menm salklas, avèk menm elèv yo, pandan tout dire jounen an, sòf pou klas edikasyon fizik
- Y ap akonpaye elèv yo nan klas edikasyon fizik yo a oswa nan nenpòt lòt sal kote yo dwe prezante antanke klas
- Elèv yo ap gen aksè nan twalèt sou demann
- Y ap livre manje midi nan salklas yo pandan 4^{yèm}, 5^{yèm} ak 6^{yèm} peryòd
- Y ap manje nouriti midi a nan klas pandan yon peryòd ansèyman
- P ap gen okenn rekreyasyon

SUSAN B. ANTHONY ACADEMY – I.S. 238

88-15 182ND STREET, HOLLIS, NY 11423

TELEFÒN: 718-297-9821 FAKS: 718-658-5288 WWW.IS238.COM

PETER LEDDY, DIREKTÈ

RITA BAFFOUR, ASSISTANT DIREKTÈ

CHRIS GAILAS, ASSISTANT DIREKTÈ

CANDETTE NOVITSKY, ASSISTANT DIREKTÈ

KRISTEN ROWLAND, ASSISTANT DIREKTÈ

Ranvwa

- Lekòl la ap kòmanse lage elèv yo a 2:00PM
- Nou pral dekale ravwa elèv yo pou garanti distans sosyal
- N ap lage elèv yo pa klas nan Sòti 3, 4, ak 5
- M pale nan moman an avèk MTA konsènan posiblite pou gen omwen yon #1, #2, #3, #17, ak #77 k ap tann sou Hillside Avenue pou nou ka eskòte elèv ki pran transpò piblik yo dirèkteman nan bis la (sa pa gen garanti)
- Elèv yo dwe kite teren lekòl la lè yo lage epi ale lakay yo
- Elèv yo pa dwe trennen sou pwopriete a
- Mwen dekouraje tou pou elèv yo nan ale nan kèlkeswa magazen nan zòn lan apre lekòl